


Avanti Kristèl lamanten an

Les Aventures de Crystelle le lamantin

The Adventures of Crystelle the Manatee



Heather, Oliver & Crystal

Kolèj Vasèl Lenn Collège Vassal Lane Vassal Lane Upper School

Liv sa a se twa (3) elèv uityèm ane nan kolèj Vasèl Lenn
nan Kembridj, Masatchousèts ki ekri l pou
©Liv Lang Manman.




Ce livre a été écrit par trois élèves de huitième année du
collège Vassal Lane à Cambridge, Massachusetts pour
©Livres dans la Langue Maternelle.

This book was written by three eighth graders of the Vassal Lane
Upper School, Cambridge, MA, for
©Mother Tongue Books.

Avanti Kristèl lamanten an

Les Aventures de Crystelle le lamantin

The Adventures of Crystelle the Manatee




Heather, Oliver & Crystal

Kristèl lamanten an t ap viv nan lanmè ansanm ak manman l, papa l ak gran frè l. Papa l te byen lwen nan yon vwayaj sou lòt bò resif koray kote Kristèl t ap viv la.

Crystelle le lamantin habitait dans l'océan avec sa mère, son père, et son grand frère. Son père était loin en voyage de l'autre côté de la barrière de corail où elle vivait.


Crystelle the Manatee lived in the ocean with her mother, her father and her big brother. Her father was far away on a trip on the other side of the coral reef where she lived.



Yon jou, manman Kristèl te di
Kristèl pou l ale ak gran frè l lòt
bò resif koray la pou rankontre
papa l.

Un jour, sa mère a dit à Crystelle d'aller avec
son grand frère et de traverser les récifs de
corail pour rencontrer son père.


One day, her mother told Crystelle to go with her
big brother to cross the coral reef to meet her
father.



Gran frè Kristèl te mande l :
« Ou vle m ale avè ou ? Papa nou
lwen isit la epi ou ka blese. »

Le grand frère de Crystelle lui a demandé :
« Veux-tu que je vienne avec toi ? Notre
père est loin d'ici et tu pourrais te blesser ! »

Crystelle's big brother asked her, "Do you want
me to go with you? Our dad is far away, and you
could get hurt!"



Kristèl te reponn : « Non, m ap anfòm ! Mwen vle ale pou kont mwen ! » Kristèl te pati san frè l la pou al jwenn papa l.

Crystelle a répondu : « Non, tout ira bien ! Je veux y aller seule ! » Crystelle est partie sans son frère pour retrouver son père.

Crystelle replied, "No, I'll be fine! I want to go by myself!" Crystelle left without her brother to go find her father.



Kristèl te kòmanse naje ale. Li te pase kote kèk gwoup pwason ak bèl resif koray.

Crystelle a commencé à nager. Elle a passé des bancs de poissons et de magnifiques récifs de corail.


Crystelle started swimming away. She passed schools of fishes and beautiful coral reefs.



Li t ap amize l lè bridsoukou yon
bato pase ak tout vitès ! Apresa
yon lòt bato te pase bò Kristèl ak
tout boulin epi li te manke frape
!!

Elle s'amusait quand tout à coup un bateau l'a
dépassé à toute vitesse ! Puis un autre
bateau a filé tout près de Crystelle, et il a
failli la frapper !

She was having fun when all of a sudden a boat
went whizzing by! Then another boat whizzed by
Crystelle and it almost hit her!



Kristèl te pè, li te pou kont li epi li pa t konn sa pou l fè ! Li te naje nan direksyon opoze a pou l sot bò kote bato yo.

Crystelle était seule et effrayée, et elle ne savait pas quoi faire ! Elle a nagé dans la direction opposée pour s'éloigner des bateaux.


Crystelle was scared and alone and she didn't know what to do! She swam away in the opposite direction to get away from the boats.



Pandan li t ap naje li wè yon
dofen byen lwen. Li ale bò dofen
an pou mande li direksyon.

Pendant qu'elle nageait, elle a vu un dauphin
au loin. Elle est allé vers le dauphin pour
demander son chemin.


As she was swimming, she saw a dolphin in the
distance. She made her way toward the dolphin
to ask for directions.



Dofen an di : « Bonjour, non m se Emanyèl ! » « Mwen se Kristèl ! » lamanten an di. Kristèl pran eksplikasyon an epi li di dofen an mèsi. Li te swiv chimen Emanyèl te di l pou li fè a pou l al jwenn papa l.

« Salut, mon nom est Emmanuel ! » a dit le dauphin. « Je suis Crystelle ! » a dit le lamantin. Crystelle a obtenu des indications et a remercié le dauphin. Elle a avancé sur le chemin que Emmanuel lui a dit de suivre pour retrouver son père.


"Hi, my name is Emmanuel!" said the dolphin. "I'm Crystelle!" said the manatee. Crystelle got directions and thanked the dolphin. She went on the path Emmanuel told her to follow to find her dad.



Pandan li te ap naje yon lòt
obstak te vin sou chemen l. Yon
reken ! Kristèl te pè, li te kouri
pase alantou reken an anvan yon
malè te rive l.

Comme elle nageait, un autre obstacle s'est
dressé sur son chemin. Un requin ! Crystelle
avait peur, et elle a nagé autour du requin,
avant qu'un malheur pouvait lui arriver.


As she was swimming, another obstacle got in her
way. A shark! Crystelle was scared, and she
swam around the shark before anything bad could
happen.



Finalman li te rive lòt bò resif
koray la, epi li te rankontre ak papa
! ! Papa l di « Kote ou te ye? »
« Mwen te vrèman enkyete pou ou !
Pwochèn fwa pa ale pou kont ou !
Mwen pa vle anyen rive w ! »

Enfin, elle a atteint l'autre côté de la
barrière de corail et a rencontré son père !
« Où étais tu ? » a-t-il dit. « J'ai été
vraiment inquiet pour toi ! La prochaine fois
ne vas pas seule ! Je ne veux pas que quelque
chose t'arrive ! »


She finally reached the other side of the coral
reef, and met her dad! "Where have you been?"
he said. "I've been really worried about you!
Next time, don't go off by yourself! I don't want
anything to happen to you!"



Kristèl te di l li pap fè sa ankò
epi tout bagay te fini byen. Li te
aprann li pa ta dwe al naje okenn
kote lwen pou kont li...yon malè te
ka rive l.

Crystelle s'est excusé et tout était très
bien. Elle a appris qu'elle ne devrait pas aller
loin toute seule...un malheur pourrait lui
arriver !

Crystelle apologized and everything turned out all
right. She learned that she shouldn't swim off
anywhere far by herself...something bad could
happen to her!



Kesyon pou diskisyon

Nòt pou pwofesè : Li kesyon sa yo epi deside kiyès nan yo ou vle diskite ak klas ou.

1. Ki sa ki te pase nan istwa a ?
2. Dekri chak pèsonaj ki nan istwa a. Kiyès ladan yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Èske istwa sa aprann ou yon leson ? Si se wi, ki leson ?
4. Èske gen yon bagay nan istwa sa ki fè w sonje yon bagay ki te pase nan lavi w ?
5. Èske gen yon pwoblèm ki prezante nan istwa sa ? Kòman pwoblèm nan rezoud ? Èske gen yon lòt jan pou rezoud pwoblèm sa ?
6. Èske gen vyolans nan istwa sa ? Si genyen, èske gen yon lòt jan pou rezoud pwoblèm nan san vyolans ?
7. Èske istwa sa fè w sonje yon lòt istwa ou konnen ?
8. Ki sa ou te aprann nan istwa sa a ?
9. Ki sa ki te rive nan istwa sa a ou pa t atann ?
10. Ki kesyon w ap poze tèt ou sou istwa sa a ?
11. Èske w t ap rekòmande yon zanmi w li liv sa ? Pou ki sa ?

Questions de discussion

Note aux enseignants : Lisez les questions suivantes et choisissez celles que vous voulez discuter dans votre classe.

1. Que se passe-t-il dans cette histoire ?
2. Décrivez chaque personnage. Quel est votre personnage préféré ? Pourquoi ?
3. Y a-t-il une leçon à tirer de cette histoire ? Si oui, laquelle ?
4. Y a-t-il quelque chose dans cette histoire qui vous fait penser à votre vie personnelle ?
5. Y a-t-il un problème dans cette histoire ? Comment est-il résolu ? Y aurait-il un autre moyen de le résoudre ?
6. Y a-t-il de la violence dans cette histoire ? Si oui, y aurait-il un autre moyen de résoudre le problème sans utiliser la violence ?
7. Cette histoire vous fait-elle penser à une autre histoire ?
8. Qu'avez-vous appris ?
9. Qu'est-ce qui vous a surpris ?
10. Quelles questions vous posez-vous ?
11. Recommanderiez-vous ce livre à un ami ? Pourquoi ?

Discussion Questions


Note to teachers: Read the following questions and decide which ones to discuss with your class.

1. What happened in the story?
2. Describe each character. Who is your favorite character? Why?
3. Does the story teach a lesson? If so, what is the lesson?
4. Does anything in the story remind you of your own life?
5. Is there a problem in this story? How does the problem get solved? Is there another way to solve it?
6. Is there any violence in this story? If so, is there another way to solve the problem without using violence?
7. Does this story remind you of another story?
8. What did you learn?
9. What surprised you?
10. What do you wonder about?
11. Would you recommend this book to a friend? Why?

Mèsi anpil sipotè Liv Lang Manman.

Un grand merci à nos sponsors des Livres dans la Langue Maternelle.

Many thanks to our Mother Tongue Books sponsors.



2019

© 2015 Liv Lang Manman

Tout dwa pou fè repwodiksyon liv sa a rezève. Sa vle di: Pèsonn pa gen dwa repwouvi oswa distribye okenn pati liv sa a, epi tout kalite repwodiksyon ak redistribisyon entèdi, kèlkeswa fòm, kèlkeswa fason, kit se elektwonik, kit se mekanik (fotokopi, anrejistreman, elatriye) san otorizasyon alekri nan men Liv Lang Manman.

© 2015 Livres dans la Langue Maternelle

Tous droits réservés. Aucune partie de ce livre ne peut être reproduite ou transmise sous aucune forme ou aucun moyen, électronique ou mécanique, y compris la photocopie, l'enregistrement, ou autrement, sans la permission écrite de Livres dans la Langue Maternelle.

© 2015 Mother Tongue Books

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopying, recording, or otherwise, without written permission of Mother Tongue Books.



Liv Lang Manman
Lekòl Komínotè Matènwa
Matènwa, Lagonav, Ayiti
Tel: 011-509-3182-2344
www.matenwa.org

Mother Tongue Books
Friends of Matènwa
Cambridge, MA 02138
Tel: 001-617-543-8844
MotherTongueBooks@gmail.com

ISBN 978-1-940502-74-8